Iringan sampak sl 6 Dewi Sanggalangit masuk ke gawang kiri, diikuti oleh Prabu Lembu Amijaya, Dewi Sanggalangit menahan para raja dalam satu adegan perang, ada tiga tokoh ditancap dibelakang Dewi Sanggalangit yang tampil dari kanan, tiga tokoh raja didepan Dewi Sanggalangit yang tampil dari kiri salah satunya Patih Pujangganong paling belakang disisi kiri. Suwuk Ada-ada Sl nem.

Prabu 1 (Boman) : Wih lha dalah, layak to layak, jebule sumilak sumunar cahyane sang dewi iki. Mula akeh sing bingleng ngengleng kenganglangan, ketaman asmara mring Dewi Sanggalangit.

Patih Pujangganong : Woi iki to dewi sangga langit.

Sanggalangit : kula nyuwun pangapunten ingkang agung para narpati, kaparenga semene sawetawis anggenipun sami mangun banda yuda, kula rumaos bombing lan beja bilih awak kula kados dene mekaten, kepara kados dene dipun umbulaken ing langit, kula dipun gandrungi dening para ratu adipati miwah para satria, nanging kula nuwun sewu duh sang prabu, sepisan kula nyuwun pangapunten kula mboten bade nglilakaken negari kula remuk bubuk dadi rempon, kawontenan badhe risak mboten tentrem, inggih karena ing ngriki dados papaning pasulayan, ingkang namung ngrembat dateng raga kula.

Mila kula badhe prasetya kula aturi sami midhangetaken bilih, prasetyaning Sanggalangit, sinten kewala ingkang saget mujuti dateng bebana kula, menika saget garwa Sanggalangit, wondene bebana kula mboten sanes kejawi namung sepisan

- Saprangkat ing gamelan ingkang mboten sami kalian gamelan ingkang sampun nate wonten.
- Inggih angka kalih wujud tontonan utawi tetinggalan ingkang dereng nate wonten.
- Inggih angka tiga calon temanten kakung kedah dipun arak dening prajurit ingkang sami numpak jaran ingkang cacah 144 turta sami kembar warni, miwah ingkang numpak kedah lare kakung muda turta bagus,

- Ingkang angka sekawan calon temanten kakung kedah dipun iring sato isening wana ingkang langka inggih menika manungsa kang asirah kalih, inggih menika sima kalian merak sinuwun.

Keterangan:

Iringan SAMPAK, para raja didepan Dewi Sanggalangit cabut ke kiri, kecuali Patih Pujangganong tancap maju didepan Dewi Sanggalangit pada gedebog bawah. Iringan suwuk.

Patih Pujangganong : lha kok angelmen, tiwas kula kie mriki gawa rowang kathah bacut mangan kathah, gek dugi mriki mboten angsal damel, gek bebana kok langka nggih aeng kados mekaten menika ora wurung bali nglenhung dateng Bantarangin, hah mangka tebih sang dewi.

Sanggalangit : ndika menika sinten?

Patih Pujangganong : kula menika utusaning sang prabu klana sewandana, nami kula pun patih pujangganong, inggih pujangga anom, lah menika menapa mboten keparing kula enyang.

Sanggalangit : dipun eyang kados pundi?

Patih Pujangganong : umpami sanes sanesipun menika mbok menawi kabejaning titah saget kepanggih, nanging ingkang pungkasan menika, ana tontonan kok titah sing sirahe loro niku napa enten, lawuh ndas siji mawon bacut moga kandan-kandanane angel. Kados pundi... umpami ingkang sirah sima kalian merak kala wau mboten kados pundi?

Sanggalangit : mboten saget, hawid prasetya kula ing ngajeng sampun trewaca, lan malhipun kula mboten badhe nyelet rembag ingkang sampun kawdhar.

Patih Pujangganong : lha dalah, ndika ingkang wonten wingking menika nggih sagah?

Prabu 3 : inggih sagah (cengkok Prabu Puntadewa).

Prabu 4 : Inggih sagah ingdinten mangke kula badhe wangsul dateng negari kula, ngerikaken dateng wadyabala kula, badhe kula ajak sedaya wadya bala kula pados jaran 144 (cengkok Raden Samba).

Patih Pujangganong : lha nek mung jaran 144 sok gampang, sing numpak kudu padha, napa wonten niku? Enten mawon niku beda-beda. Inggih, menawi mekaten nyuwun pamit dados atur.

Keterangan:

Iringan sampak, seluruh tokoh keluar ke gawang kiri, diawali oleh Patih Pujangganong dan raja yang ada dibelakang Dewi Sanggalangit. Selanjutnya Dewi Sanggalangit cabut menghadap ke kanan, tampil Prabu Lembu Amijaya dari kanan tancap diatas, Dewi Sanggalangit tancap diatas saling berhadapan. Iringan suwuk.

Lembu Amijaya : Hem... kowe wong pinter Sanggalangit, hem... ayu jaba jeromu,

Sanggalangit : inggih menika ingkang sampun kula medharaken dateng ngarsanipun para ratu, namung saking panginten kula, lumahing bumi kureping angkasa, mboten badhe wonten menapa ingkang dados atur kula kalawau kanjeng rama.

Lembu Amijaya : iki umpama, ora ana sing bisa mujudi banjur kowe nganti tuwek ciklu-ciklu jambul uwanen, dadi perawan kasep.

Sanggalangit : mboten rama, menawi mangke jawata sampun ngeparengaken, mangke pinanggih kalian bojokula.

Lembu Amijaya : ya nek enggal teka nek ora?... ngene ya, kondanging prabu klanasewandana saka ing bantarangin kui gagah, ratu semana okehe ora nana sing madani, ya gagah ya sektine.

Sanggalangit : kula mboten remen, kalian tiyang gagah.

Lembu Amijaya : loh kenapa? Sejatine sing mbok goleki wong sing kaya ngapa sanggalangit?

Sanggalangit : mboten... kula mboten gadhah pepinginan apalakrami, tiwas kula nyagahi salah setunggiling ratu, nanging menawi atikula mboten saget bekti, mboten wurunga badhe pedhot ing tengah margi.

Lembu Amijaya : owh mangkana, yah aku ra bisa meksa marang rasamu, sabab jer kabeh mau sing jeneng kasetresnan sejati tuwuh kang mrentul saka tuk ing ati kang suci ora kena dijuluk lan ora kena ditampik sanggalangit.

Keterangan:

Iringan sampak, Prabu Lembu Amijaya keluar ke gawang kanan, di ikuti Dewi Sanggalangit. Kayon menyaput dari kanan ke kiri, iringan suwuk. Dilanjutkan dengan *ada-ada manyura (arsa madhangi jagat dst.)* dibarengi dengan gamelan reogan. Tampil Raja Raksasa berwajah singa Prabu Singabarong, kiprah dengan iringan reog. Lamat-lamat masuk iringan gamelan Ldr. Diradameta Sl. Myr pada bagian ompak dan suwuk gropak, dilanjutkan dengan palaran Gambuh Sl Nem (Kabeh Kamulaningsun dst.), dilanjutkan tampil para Raksasa singa, Patih Premada dan Simawulu dari gawang kiri tancap dihadapan raja singa, diikuti para singa-singa tancap dibelakang raja, dan dua rasaksa, diatas raja datang burung merak. Setelah *palaran gambuh*, dilanjutkan *lancaran mikat manuk suwuk gropak. Ada-ada Sl Nem (Srumahwayut dst.)*.

Singabarong : Hoarr.... E.. E.. Lha dalah... He Tih Singa Premada

Premada : Kula wonten dhawuh sang Prabu Singabarong?

Singabarong : He Tih, gedhene pepinginku gregeting rasaku kang tansah kepi-kepi marang sanggalangit, atmajaning nata ing kadiri, nyata wis ora bisa tak pambengi tih! Sing ketok mung eseme, sing leledhang wong lelewane, sing tak gandrungi mung kewese, saben dina mung ngalamun, lamlamen luwes lembut lulut, lumering pamulu, lungiting pasemon ora montro-montro, wong wedok lumrah nanging wong wadon kang mudun saka langit, gone mudhun saka langit kaya diterke banyu langit, rasaku kumyur, gunemku ngawur, tingkahku salah, lakuku ora prenatal, ngenglung binglung kaya wong gendeng, aku gedruk-gedruk goleki jantung ati,

tinemune mung wewayangan. Tih, nganti seprene atiku ora bisa ditata, wong yen lagi gandrung ora preduli bledosing gunung, wong yen lagi nyenengi ora preduli yen lara ati. Manuk blekok nujuk yuyu akeh lele padha mati, seneng wong wedok ayu, nandyan thele thele bakal tak lakoni tih.

Premada : wadhuh inggih inggih.

Simowulu : wait... ngasah arit nganggo ungal, ngasah parang nggo ganthol wit-witan, ora duwe duwit kok ngajak wong nakal, bareng kurang idep-idep persahabatan.

Singabarong : he tih.

Premada : kula wonten dhawuh sanga prabu?

Singabarong : aku ngrumangsani, wujudku kaya ngene, umpama tak lamar tangeh kelakone, nganggo pitukon emas kang gedhene sak gunung wilis, ora bakal ditampa panglamare sang prabu singa barong. Pisungsung barleyan nadyanta sak thekruk ora bakal nyenengake atine sangga langit, lan sangga langit ora bakal gathuk ning rasaku ora bakal lila yen ta sangga langit dadi duweke wong liya.

Singanujum (singa) : haomm, (dengan nada kecil) duh sang prabu, paduka menika sekti linangkung ning basanu paduka menika gadhahi wadyabala kang kathah tanpa wilangan, kang wujudipun sima kang galak-galak, paduka sampun ngantos nglokro. Lha amit sewu paduka sampun trimah mendha, nawi ngaten dipun rebat kanthi bandayuda, praja kadiri boten gandra sepintena.

Singabarong : woi lhadalah, he singa nujum, sing tak wedeni dudu kadiri, sepisan maneh rungokno kupingmu, sepira banggane wong kadiri, yen ta aku gelem ngambyuk nyerang mesti rubuh, ning ngertiya dina iki sanggalangit dilamar dening adipati sewu, kabeh pada ngepung kadiri, ning ana salah sawijining raja ingkang ketok menjila kasektene ya kui raja saka ing bantarangin, prabu klanasewandana. Kui sekti kalintang.

Premada : oh sang prabu sumela atur.

Singobarong : piye tih?

Premada : prabu klanasewandana menika nyata sekti kalintang nanging paduka mboten bade kawon.

Singobarong : ning klanasewandana kui gagah pideksa gawe senenge sanggalangit.

Premada : dereng kintenan sinuwun.

Singobarong : sababe?

Premada : hawid mekaten sinuwun atine wong wedok niku mboten saget dibedek, nandyan prabu klanasewandana menika bagus ngremenaken nanging dereng kintenan ngremenaken dateng dewi sanggalangit. Hawid wonten pawestri ingkang remening kalia wong lanang ingkang aeng aeng.

Singobarong : yen ngono kanggo nyoba katrimaning uripku aku bakal gayuh dewi sanggalangit.

Keterangan:

Ada-ada Sl Sanga gaya Jawa Timuran.

Premada : menawi mekaten kepareng paduka, lajeng kados pundi sinuwun?

Singobarong : kowe tak kongkon ning aja lewat dalan sak mestine, nek pancen ora kena ora entuk dalan kang prayoga piye rekadayamu bakune Sanggalangit teka kene.

Keterangan:

Iringan Srepeg Jawa Timuran. Patih Premada keluar ke gawang kiri, di ikuti Simowulu, dan para singa. Prabu Singobarong keluar ke gawang kanan diikuti burung merak. Selanjutnya tampil Premada dari kanan tancap disisi kanan menghadap kekiri, iringan suwuk. Ada-ada gaya Jawa Timuran Sl.

Premada : (dengan logat Jawa Timuran) Woi lhadalah, yok apa se.... kabeh wae para prejurit, yok apa kabeh padha predandana lewat dok embong kene, kabeh padha nyekel gaman aja ngampek lohor, sing padha setiti lan ngati-ati sor meja ana ulane, yok apa piye carane, heh kabeh pada predandana.

Keterangan:

Iringan Sampak Jawa Timuran. Premada solah masuk ke gawang kanan, keluar Simawulu berjoget masuk ke kanan dilanjutkan dengan para singa bersolah dan masuk kekanan. Disaput dengan kayon yang berjoget gaya jawa timuran, dilanjutkan kayon ditengah ditancepkan pada gedebok bawah. Suwuk pocapan.

Pocapan:

Lahing Kanata wau, bidaling pra prajurit saking lodaya, prajaning sang nata nenggi sang prabu singabarong, saking akehing prajurit macan, nganti ora ndlama, gantikang winuwus kang samya gegojekan, wonten ing tlatah wengker.

Keterangan:

Iringan beralih pada reogan masuk lancaran reog ponorogo karya Ki Nartasabda, untuk tampilnya semar, goreng petruk bagong dengan corak warok.

Adegan selanjutnya adalah Gara-gara.

Setelah Gara-gara, masuk Gd. Ela-ela Kalibeber. Sl 9. Panakawan masuk ke gawang kanan. Tampil tokoh Semar dengan tampilan warok. Bersamaan tampil dari gawang kanan Dewi Sanggalangit, dengan cengklok penggarapan adegan *sanga bambangan alus, kenong 2 berjoget sampai pada kenong tiga, tancap pada hitungan gong, selanjutnya kenong 1 iringan sirep ginem:*

Ginem:

Sanggalangit : kyai...

Semar : eh kula sang dewi sanggalangit.

Sanggalangit : sepisan rasaku kaya kesiksa, merga ratu adipati lan para satria kang pada nglamar aku, ora nana siji wae sing tak

senengi, lan umpama aku dadi garwaning ratu, mangka ratu mau ora bisa mulyakake kawulane, yen ta nganti ora bisa gawe mulyaning para kawula, sayektine aku melu kesiksa batinku sabab aku melu kesempyok tumindake ratu kang ora bisa gawe patuladan sing becik mau.

Semar : e e e inggih, lajeng?

Sanggalangit : yen ta umpama ana sing pamer bandha aku yo ora bakal kengguh, merga kui mau mung titipan, yen ta among pamer kepinteran, ora mesti ratu kui mau jujur, yen ta ana pamer rupa sayektine rupa kui mau ora langgeng, mula Sanggalangit ora kengguh kyai, lan manege ya gene lungguhing putri mau kanggo rebutan to kyai.

Semar : he inggih doro ayu, wiwit jaman kuna nggih kaya ngoten niku, lelehur ndika jaman Ramayana nggih jaman Mahabarata, nganti jaman madya, taksih sami bilih putri ratu dadi bebungah, rehning ndika kepeksa rasane, mila ndika andamel sayembara bebana kang wujud aeng aeng niki sayektine mpun bener mboten luput.

Sanggalangit : iya kyai... Nanging rasaku isih mangu-mangu yen ta nganti ana sing bisa mujudi bebana mau kepiye kiyai? Bisa uga aku mengko mati ngenes kyai yen ta nganti kasil.

Semar : e e e ampun ngendika kados mekaten, pancen wonten tembung giri lusi jalma tankena kinira, ngoten nika nggih sok wonten, ugi ndika mboten saget mbedek lan mboten saget nyakrabawa ketrimaning manungsa, hawid kula rumiyin nggih tau momong raden permadi nalika krama niku nggih dipunduti bebana sing aeng aeng ngoten niku, kados ta kreta kencana, kayu krepu dewa ndaru, debok swasa pupus cinde puspita, lan sanes-sanese, niku angel golek golekane, nanging nggih nyolong pethek saget ngrabi Dewi Wara Sembadra nggih Rara Ireng. Margi kabegjane tiyang mboten wonten ingkang mangertosi. Ning ngaten nggih raden ayu, yen ta wonten ratu ingkang saget mujudi

dateng kekudangane niku wau, ndika mestine nggih mpun kalah janji.

Sanggalangit : lir e kepiye kyai?

Semar : nggih gelem mboten gelem kedah nglakoni, urip kalian ratu sing saget mujudi bebana niku wau. Sabab ndika sampun babar sayembara bebana.

Sanggalangit : umpama mangkana, aku kudu ngalah rasa, lan kudu ngladeni wong sing ora tak tresnani. Ideping tekatku mung netepi sumpah, nanging kang tak sedya, aku ngurbanake rasa senengku, ngurbanaken uripku, lan kawanitanku kanggo negara lan kawulaku. Supaya kalis saka bebaya kyai.

Keterangan:

Iringan singget pathet Sanga Jugag.

Semar : e e e heh do... rungokno iki putri linuhur, kaya Dewi Sanggalangit kui, ora buru butuhe dewe, umpama ta kepepet rasane ana ratu sing bisa mujudi bebana iku, mujude tekak mung arep nambak negara, mangun karahayon. Supaya para kawulane pada bisa urip tentrem.

Petruk : ora kaya anaku biyen ya gong.

Bogong : anakmu? Ijik cilik wis meteng.

Petruk : mbok nek omongan kie sing genah to gong.

Bagong : lha pie, anak kie becike digula wenthah sing becik tresna marang bangsa budaya lan prajane, supaya besuk nek gede piguna. Ora kaya anake gareng.

Gareng : piye?

Bagong : anak gareng wis moh budaya dewe, melu melu budaya sabrang, sandangane, pangane. Ora kelingan nek pake

mangane uwi bili, basanu dadi guyone wong, rumangsane edi-edio dewe.

Gareng : lah cik.

Semar : heh diyem diyem diyem.

Sanggalangit : kyai aku bakal meminta marang ngarsaning hyang akarya jagad, muga-muga aja nganti ana ratu kang bisa mujudi bebana iku mau kyai.

Keterangan:

Ada-ada Sl Sanga gaya Klatenan.

Semar : lajeng keparengipun?

Sanggalangit : ayo derekna aku.

Semar : lhoh ndika niku mpun lelana tebih lho, mangke nek dipun upaya rama kados pundi?

Sanggalangit : ora dadi apa, aku bakal dadar ketrimaning kang dadi uripku kyai.

Keterangan:

Srepeg sl 9. Dewi sanggalangit Bersama dengan semar berjalan kekiri, diikuti oleh gareng, petruk, bagong. Irian suwuk. Pocapan.

Pocapan:

Wauta kang andon lampah, gantya kang ana tengahing wana, kang mijil saka jeroning gegrumbul, kang nylebrakake grumbulane.

Keterangan:

Irian Lcr. Slebrak Sl 9, tampil Patih Premada dan Simawulu, tampil dari kiri bersolah seperti raksasa babrah, bertemu dengan satria alasan (seperti leksamana alasan). Irian suwuk groprak, ada-ada palaran sl 9.

Pramada : wei lha dalah, oarrrr... iki sapa ana wong kang mawa tejo manther.

Satria : ngertiya aku putra nata ing kadiri, ingkang goleki mbak ayu.

Pramada : aja nyimpen jenengmu.

Satriya : nedya nyimpen gegunem jeneng karo kowe, kang awujud buta saka ngendi dene aneh temen wewujudanmu.

Pramada : we lha dalah, aku saka lodaya kesete gustiku prabu singobarong. Singa Pramada aku.

Simawulu : aku simawulu, ya wulusima.

Pramada : beneran yenta kowe anak ratu kadiri, ndi mbakyumu gowo rene.

Satriya : anggepmu apa, ratu sewu negara sing ngepung ora nana sing tinampa, ojo meneh ndasmu kewan brangkangan kaya ngono.

Pramada : woe ladalah kowe ngina marang aku.

Simawulu : mpun mangke pateni mawon, mesti ngenes wong kadiri.

Pramada : wah gaglak limpamu.

Keterangan:

Iringan sampak, perang babrah, premade menubruk satriya dilanjutkan dengan simawulu, berkelahi dengan beberapa Sekaran gendirian, akhirnya satria kalah tergigit dan satriya mengeluarkan panah untuk membunuh para singa-singa. Ada satu singa terkena panah mati. Iringan suwuk bersamaan dengan satriya tampil dari kanan.

Satriya : balane macan samana akehe.

Keterangan:

Iringan sampak, satriya keluar ke kanan. Tampil para macan dari kiri kekanan. Satriya lari kekanan, sampai ia bertemu dengan sanggalangit. Tampil dari kanan dan striya dari kiri. suwuk

Sanggalangit : adiku kowe tekan kene di.

Satriya : kakang mbok monggo kundur kakang mbok.

Keterangan:

Iringan sampak satriya menggendong sanggalangit masuk kekanan. Kayon menyaput dari kanan kekiri, menampilkan prabu klanasewandana dengan pose bertapa kedua tangan bersedekap, dari kanan ditutupi kayon yang dipegang tangan kiri, menutupi badan, Iringan suwuk buka gerong bedhayan pangkur, Bersama dengan turunya kayon yang menutupinya. Sirep, Janturan.

Janturan :

Alas gung grumbul kebak ri, kayu gede gegateli mawa wisa, kewan galak pating blulung wanci bengi mung kebegan swara demit, hanenggih dedengkoting brekasakan sasat ngebaki alas, ana sumorot, ingkang mapan ing sak ngisore wit kepuh, sedakep tanpa obah inggih menika ta nalendra ing bantarangin nenggih prabu klanasewandana, sigra mahas ing asamun wemtu ciptaning laku sasatataning semedi kang dinulu among pucuking irung. Datan rinewes swara kang rinungu ngungak jagating Pramana jatining paningal batin. Riwusnya nampi aturing sang patih pujiangganong dene bebanane dewi sanggalangit ingkang nyata awrat, mila sang nata sigra bangun tapa yoga brata wis setahun ninggal kanikmatan kraton, nanging ana kang jugarake tapane, nenggih naga kang gubet sukune, saya bakuh kukuh, ngaroncal kapancal ngipatake sukune sak kayange temah mencelat kang ula gede.

Keterangan:

Iringan sampak sanga cengkok Ki Subana. Prabu klanasewandana melemparkan ular yang membelit kakinya ke kiri, dan akhirnya saling berkelahi, Prabu Klanasewandana kalah dengan digigit oleh ular. Dibuang kekanan akhirnya Prabu Klanasewandana tancap digedebog atas melampaikan tangan untuk menghentikan ular. Iringan suwuk. Ada-ada

Ular : kowe aja gumun hem... klanasewandana aku sing bau reksa alas iki, papanku iki dadi panas kaya ngene, sing wis wis janji ana manungsa sing tapa mesti duweni gegayuhan golek samubarang. Ya kui samubarang sing dadi kepinginane.

Prabu Klanasewandana : ana ula kang bisa tata jalma, kowe aja ganggu, pangucapmu kowe ganggu aku, aku mung nuruti derange rasa.

Ular : oh oh, ngertiya okeh-okehe menungsa sing lagi duwe panjangka, niru marang laku lekase wong suci, ning sejatine awake dewe ora ngrasakake kasucen, lan ora ngerti yen suci.

Prabu Klanasewandana : aku tapa mung kepenging menepke rasa, bisa menep rasane yenta lakune meper hawa napsu.

Ular : ha ha ha kowe durung meper hawanapsu, merga nggonmu tapa mung melik kanugrahan, kowe duwe gegayuhan kang tegese rasamu, kui durung bisa menep.

Prabu Klanasewandana : menungsa duwe gegayuhan kui wis mesti, lan bisane ketekan gegayuhane kudu linambaran yogabratu, neng mung meneng tanpa budidaya pepinginan mau ora bakal bisa kasembadan.

Ular : ha ha ha apa sing bakal mbok gayuh? Kowe dadi ratu penak penak ana kraton malah ninggalake kanikmatan.

Prabu Klanasewandana : merga aku dadi ratu mula kudu duwe kasekten kang gegirisi, awit aku ngayomi marang negara lan kawulaku kabeh

Ular : oh klanasewandana, okeh okehe nek wus entuk kasekten kaluwihan kang ngedap ngedapi mesti saya mundak angkarane. Saya wuwuh deksurane, sabab manungsa kuwi duwe watak papat. Siji watak amarah abang branang kaya geni kuwi nuntun marang panasbaran. Angka loro watak e manungsa kang sarwa kepengin kang warna kuning kang bisa geret rasa melik. Watak kasantusan ireng peteng kulinane mung gegegi karepe dewe ora gelem nampa karo panemune wong liya. Banjur ingkang papat watak semuci suci nadyan ketok warna putih, nanging kuwi angel dikendaleni, mula arang-arang manungsa bisa tekan tataran suci, mulane kowe lerena, ya klanasewandana kowe lerena nggonmu tapa, merga kowe ora bisa gayuh kaweningan.

Keterangan:

Iringan Sampak suwuk

Prabu Klanasewandana : kowe aja ngiyas karo aku, kasekten sing taktuku nganggo laku brata mestine mengko bakal dadi dalan rahayu.

Ular : mengko disik, aku tak takon kasekten sing sejati kuwi sing kepiye?

Prabu Klanasewandana : kasekten sejati kuwi daya luwih kang mapan ing ragane manungsa, jalari wimbuhing kekuwatan, mung wae kekuatane jaba jero mau kudu dikendaleni dening alusing bebuden lan luhuring jiwa utama. Siji mangungsa sing kanggonan kasekten mau kudu tansah rumangsa lamunta ditresnani karo sing duwe urip. Angka loro, kaluwihan kuwi mau kudu ditanjake kanggo raharjaning sesame, dadi srana ngayomi lan nulungi. Angka telu kanthi kasekten manungsa bisa a mawas diri, temah nglungguhke ing bebrayan gede, ingkang angka papat ora getuni sakmangsa mangsa kasekten piyandele mau ilang, manungsa kudu bisa rumangsa yenta kabeh mau mung piranti kabecikan.

Iringan sampak. Ular menjadi pecut. Dan keluar dewa dari dalam pecut. Suwuk tanpa sulukan.

Pendita : sewandana kowe aja kaget, nyata sira pretitis lan anteb tekatmu nyatane tak jajaki kanthi ula sira tetep ing gegayuhan kang utama, lan ingkang sejatine dadi pengabaran ula kuwi mau pecut, samandiman ya kyai ula gading.

Prabu Klanasewandana : wo inggih, mangke rumiyin paduka menika sinten?

Pendita : ora perlu ngerti sapa aku.

Prabu Klanasewandana : nanging suku paduka meneika mboten ngambah lemah, tegese paduka menika mboten jalma limrah utawi sinten?

Pendita : ora susah ngerti mengko dak dadi rame,

Prabu Klanasewandana : wo inggih, sinaosa mekaten mboten mangertosi paduka sinten, kula ngaturaken panuwun ugi sembah bekti kula. Dene sampun mrepeki anggen kula yoga brata.

Pendita : iya ndak tanpa ngger, sira ora perlu mangerteni aku iki sapa, bakune aku rumangsa marem weruh gedening tekatmu kang makantar-kantar kuwi mau. Aku bakal paring daya luwih marang sira kang wimbuh daya kang gegirisi, lan pecut samandiman iki tampanana. Iki pusaka kang permati wujud pecut cemethi ingkang saknyatane iki ngedap ngedapi kekuwatane, sapa kang ketaman pecut iki bakal luluh kekuwatane temah teluk marang sira. Yen ta sira tamakake bumi jemblong gunung jugruk, mung wae pecut iki ora kena kanggo sembarangan, bisa metu daya luwihe kalamunta entuk palilahe pun bapa.

Prabu Klanasewandana : inggih inggih waduh matur nuwun bingah sanget manah kula nugraha kang kapatedan dateng kula.

Pandita : klanasewandana?

Prabu Klanasewandana : aja pisan pisan ngendel-ngendelake marang sabarang daya luwih marang ing sira. Elinga lamunta titah iku ana sing mengku yakui sing maha kuasa, kuasane tanpa wates ingkang bisa limputi salwireng kekuwatan tan ana kang madani, nrima a suyuda marang sesembahanmu, tetep sira nyata dadi manungsa kang linuwih Klanasewandana.

Keterangan:

Iringan sampak. Keluar kayon hakekat dari dalam pandita, dan memasukan ke dalam Klanasewandana, bersamaan dengan pecut yang berpindah tangan dari kiri ke Klanasewandana. Iringan suwuk.

Klana : aduh aduh ngaturaken panuwun.

Pandita : iyah kajaba saka kuwi. Rehning sira bakal nglamar putri sanggalangit saka kadiri, mangka mawa bebana, kabeh tak cukupi ya kui bocah nom bagus warnane kang nunggang jaran 144, ingkang kembarwarna sayekti bakal mawujud,

kabeh sak pungkurku bakal derekake tindakmu ana ing bantarangin.

Klana : ngaturaken panuwun,

Keterangan:

Iringan sampak, pandita memeluk Klanasewandana, keluar kekiri. Iringan suwuk.

Klana : lha dalah ha ha ha saya gagah no aku, wah iki mengko mlaku dikendangi karo andahanku, gowo pecut giman ah samandiman. Mesthi pengpengan. Lhoh kok mara-mara ana bocah nunggang jaran sak mana akehe, cetho ora ngapusi wong kae mau.

Keterangan:

Iringan sampak, Klanasewandana keluar kekiri. Kayon menyaput dari kanan kekiri pelan-pelan. Iringan tamban masuk kedalam Ldr. Pakumpulan untuk mengiri para pemuda-pemuda menaiki kuda. Dilanjutkan srepeg, yang berjalan kekiri. Iringan seseg kayon menyaput dari kanan kiri. Iringan beralih Ayak-ayak sl 9 bersamaan Prabu Klanasewandana ke kiri masuk kedalam kayon, Ayak-Ayak sl 9 menjadi irama lancer peralihan ke pathet manyra, dan dilanjutkan srepeg manyura. Dengan keluarnya Premada dan Simawulu. Dari kiri tancap. Sirep.

Premada : woi ladalah piye ca.

Simawulu : lha nika gembruduk wong nuggang jaran pirang-pirang.

Premada : lhah aku krungu jare bebanane sang dewi sanggalangit, ya wong nunggang jaran pirang-pirang ngono kuwi.

Simawulu : wait lah malah kepasang yogya katujuing ngenu, beneran niki.

Premada : lah beneran saloke jarane digiring mlebu ing lodaya.

Simawulu : he cegati cegati.

Keterangan:

Iringan sampak. Premada dan Simawulu keluar kekanan diikuri dengan para singa-singa, menghadang penunggang kuda dari kanan untuk berbalik masuk ke sisi kanan. Iringan suwuk. Ada-ada, pocapan, bersamaan dengan kayon yang berjalan dari kanan kekiri.

Pocapan:

Bubar mawut sepalih, ingkang samya nitih turangga, kesingsal kadohan mring tindake sang prabu klanasewandana, nganti bingung lumebu dalane, melebu ing lodaya.

Iringan sampak. Tampil Prabu Singobarong dari kanan Bersamaan dengan burung merak yang ada dikepala Prabu Singobarong. Tampil dari kiri Patih Premada. Suwuk. Ada-ada Sl myr.

Singabarong : piye tih? Singo premade?

Premada : kawula nok non nuwun inggih, rapet pepet tumpeng dengkul negari kadiri, nanging kula sampun pikantuk pawarta, dewi sanggalangit gadhah bebana, salah setunggalipun tiyang kang nitih turangga, lah kula nyumurupi wonten arak-arakan tiyang nitih turangga, piantun bantarangin saperangan kula geret lumebet ing negari lodaya saking para sima.

Singabarong : lah dalah!

Iringan Sampak. Suwuk

Singabarong : lah nek ngene aku enggal entuk bojo tih. Lha kelakon tenan aku.

“Heh Sanggalangit wong ayu” (Gambuh garap jenggleng mangkunegaran)

Mustikaning kalbu,

Ngreseping tyas,

Brangtaning sun hangranuhi,

Nimas mustikaning jantung,

Sun kanthi manjing patunggon

Iringan menjadi srepeg, sirep

- Singabarong : lha dalah ha ha ha he tih?
- Premada : kula wonten pangandikaning adawuh?
- Singabarong : wah yen ngono karepmu
- Singabarong : menika wonten srana sanesipun, mangka ingkang beta menika nalendra ing bantarangin prabu klanasewandana.
- Singabarong : wee lhah keparat... krungu-krungu kabare, wong bantarangin arep menyang kadiri?
- Pramada : kinten kula mboten dangu malih.
- Singabarong : yen ngono, krit lampit brungkat kimpul gajah lar budhal cegat dalan tih.
- Pramada : sendika ngestokaken dhawuh.

Iringan sampak budalan para raksasa dan para singa ke kanan. Kayon menyaput dari kanan kekiri. Tampil prabu klanaswandana membawa pecut tancap kanan, dan tampil patih pujangganong tancap disebelah kiri, suwuk. Ada-ada sl myr palaran madiunan.

- Klana : pujangganong?
- Patih : kula wonten pangandikaning adhawuh.
- Klana : wah tih seneng aku wis antuk pecut samandiman, kadikdayanku tuwuh, lan sarta jaran-jaran, ingkang minangka panjaluke sanggalangit kang wis bisa tak gawa.
- Patih : naming sinuwun ketiwasan.
- Klana : ketiwasan pie tih?
- Patih : menika ingkang nitih kuda sak kudanipun ingkang dipun asta paduka ingkang sepalih menggok dateng lodaya sinuwun.

Klana : direbut tih.

Iringan sampak manyura. Klanasewandana berjalan kekiri keluar kekiri, diikuti dengan Patih Pujangganong. Tampil patih pujangganong dari kanan tancap dengan tangan bersedekap. Suwuk pocapan.

Pocapan :

Eling eling patih kang wegig, patih pujangganong sigra sedakep mung sedela wae wus bisa ngrakit Pramana jati, kang sejatine kasinungan jati jati ning buk darajati ngelmuntaha kuwi buku apa mbuh, jare kertase ireng tulisane emas, tinggalan saka jaman purwa, ana daya linuwih anggeret giring jaran sak sing nunggang saka Lodaya bali marang gegolongane.

Iringan sampak keluar kayon hakekat dari tubuh Patih Pujangganong, tampil kayon disebelah kiri, terkena saputan kayon hakekat. Selanjutnya kayon membawa pegambaran kuda dan penunggangnya dibawa kearah kanan. Tampil Prabu Singabarong dan Patih Premada tancap disebelah kiri. Gending suwuk ada-ada.

Singabarong : We lah piye tih... jarane kok ora ana siji sijia kie pie?

Premada : wah lha nggih, lajeng kreta paduka mangke kados pundi?

Singobarong : ora perkara kuwi. Aku rabi karo sanggalangit mengko kepiye?

Premada : mpun kalah cacak menang cacak begal wong bantarangin.

Singabarong : dienteni kene mengko suwe?

Premada : mboten...

SIngabarong : merga kejaba ratu bantarangin, bagus gagah, sekti mandraguna, balane akeh.

Premada : balane akeh.

Singabarong : akeh kang padha gumun jingleng serendeng.

Premada : jinggleng serendeng.

Singabarong : Kok niroke wae... kok kaya krungu gemruduk kae?

Premada : mbok menawi.

Iringan sampak Singabarong dan Premada keluar ke kiri, dari kanan tampil Klanasewandana melambaikan tangan untuk memerintahkan tentara maju. Diikuti oleh Patih Pujangganong melambaikan tangan tancap disebelah kiri. Tampil prajurit tentara satria tampan tampan menaiki kuda berjumlah 5. Tancap disebelah kanan. Suwuk cengkok jawa timuran.

Patih : wah aku seneng nek ngene iki, ana siji loro telu papat....
Wah jangkep kemriyek seneng aku, nanging dong ra duwe apa apa ya sedih.

Satriya tampan : niki badhe dateng pundi?

Patih : cethane menyang kadiri.

Satriya tampan : nuwun inggih.

Patih : iki kudu ngati-ati sabab papane iki ana ing wetan, mula kudu lewat etan dalane. Yo mangkat.

Iringan srepeg gaya Jawa Timuran. Patih Pujangganong dicabut keluar ke kiri, diikuti satriya mengendarai kuda. Tampil prabu singobarong yang diatasnya ada burung merak, dari kiri bertemu dengan prabu klanasewandana. Tancap. Suwuk.

Singabarong : Kowe Klanasewandana?

Klana : Iyah, kok nyleneh temen weruh marang aku. Kowe sapa?

Singabarong : aku Prabu Singabarong saka Lodaya. Gagahmu gagah, sektimu sekti, sugihmu sugih, ning apa sak mestine kowe iku pamer.

Klana : aku ora rumangsa bagus, ora rumangsa sekti, tur ta ingsun ora duwe rasa pamer.

Singabarong : nanging nyatane ngono. Wong arep nglamar sanggalangit arak-arakan sak mana akehe, kaya-kaya wong sak negara bantarangin melu kabeh. Kok ya elok men ta iki kok ya

Nyang kabeh, tak sawang gembruduk sak mono akehe cetho yen kowe arep pamer.

Klana : arep jiret atine wong wedok mono kudu disembadani, mangka aku duwe kasekten lan duweni kaluwihan, apa ya ana eleke ngatonake, dimene wong ayu kang tak tuju kasembadan lan nampa aku, turta saya gedhe kapercayane marang aku. Ora kaya caramu sing tak rungu, kowe arep ngarah putrining ratu kadiri, cetho lewat dalam nistha kowe culika, kowe gowo jaranku.

Singabarong : woi lhadalah.

Sampak suwuk ada-ada sl myr

Singabarong : hoao tinitah sing wujud kaya aku ngene iki mesthi disirik uwong, mesti di dohi karo wong wedok, mulane yen aku seneng karo sanggalangit mesti kanthi cara sing or asak mestine ngerti.

Klana : eling-eling wong wujud barongan, ngertiya wong sing ngarep-arep tekaning kabegjam gayuh nganggo tapa wae durung karoan kasembadan, apa maneh nganggo caramu.

Singabarong : woi ladalah, sewu cara katekaning gegayuhan kudu tak tempuh, urip iki bebasane mung cangkriman kabegjan nek mujur misuwur, nek apes blebes.

Klana : eling-eling buta rai macan tegese uripmu mertanggung menungsa dudu kewan yo ora genep, yen ta kasembadan ngrabi sanggalangit, mengko anak-anak apa, ora wurung Donya bakalane geger, kowe bakalane nyithak angkara murka.

Singabarong : keparat, woi kowe ngina marang singabarong, yen ta kowe linairake kaya aku mesti mati nglalu kowe.

Iringan Sampak. Keduanya bertempur. Dengan iringan ganjur. Prabu Klanasewandana kalah dengan digigit, dan dilemparkan kekanan. Iringan

menjadi sampak. Klanasewandana mengeluarkan pecut tancap pada sebelah kanan. Suwuk.

Klana : apa rumangsamu aku kalah karo dapuranmu.

Singabarong : apa abamu.

Klana : Pecut samandiman, ora lumpuh tak guro kowe.

Sampak Klanasewandana, masuk kekiri, tampil dari kanan Pandita dengan mengeluarkan kayon hakekat dari tubuhnya untuk merasuki pecut samandiman, kedua tokoh bertemu dan Klanasewandana memecut Singabarong akhirnya lumpuh dan menyerah iringan beralih Ayak-ayak Si Myr. Singabarong menyembah pada Klanasewanda. Iringan sirep.

Singabarong : waduh sang prabu, sang prabu klanasewandana, kula ngrumaosi kawon kalia paduka sinuwun, menawi wonten lilaning penggalih mbok inggiha kula kepareng derek suwita dateng ngarsanipun paduka sang prabu klanasewandana.

Klana : Singabarong?

Singabarong : kula wonten adawuh sinuwun

Klana : kuwi mrentul saka atimu?

Singabarong : inggih sinuwun.

Klana : yen mangkana kowe melu aku, menyang kadiri. Nanging manuk merak ana ing rambutmu kui aja antuk mudun

Singabarong : nuwun inggih.

Klana : kabeneran mbok menawa iki keparenging dewa kabegjane prabu klanasewandana, bakal ngrabi putri kadiri, kang nganggo bebana, salah sawijining kewan kang ndase loro. Ora kok ingsun kie ngina marang jeneng sira, nanging pancene awewujudanmu kaya mangkana uga kapenclokan merak ing rambutmu. Kowe sagung melu klana sewandana ngunggah-ngunggahhi putri kadiri?

Singabarong : kula ndreke dateng paduka sinuwun.

Iringan ditabrak sampak kedua tokoh berjalan bersama masuk ke arak kekiri. Kayon menyaput kelir, selanjutnya kayon menutupi blencong untuk menamcapkan tokoh-tokoh warok-warok pada adegan awal. Iringan suwuk

Warok tuwa : kaya mangkana mau babaring caritane.

Warok : lah estunipun prabu klanasewandana, estu daup kalian sanggalangit menapa mboten.

Warok Tuwa : lah wis jaman semana, ana sing crita prabu klanasewandana uga diboboti gawe trowongan, barinsane kudu mlaku ana jronging trowongan kang digawe saka pecut samandiman, ana sing nyritake prabu klanasewandana mau mati sak jroning trowongan, nanging ana uga sing crita daup nanging ya pegatan.

Warok : lho kok pegatan

Warok tuwa : ya pancene mangkana kuwi, wis sing bener sing ndi nyumanggake, bakune lakune crita ngono kui. Lah tumrapping aku rungokno rungokno reog iki patuladan guyupe wong urip reog iki reganing diri ya ajining bangsa, reog iku jiwa ingkang kena diwaca, reog mau luhuring bebuden, reog kui raga kang gelem rumagang, reog mono rasa katresnan reog iku tontonan kang gawe Tentrem tamatna gatekna jinglengen macan kuwi ratuning kekuatan merak kaendahan sejati, klana kumbuling drajat, pujangganong kui kawasisan, jathil kuwi sejatining rasa sengsem, warok tumanjaning wewarah, sapa sing pana mara raga regane jiwa luwih duwuh timbanging manungsa ingkang ngaku weruh nanging atine meri lan melik marang ingkang dudu duweke.

Iringan dalang memberikan aba-aba, iringan menjadi iringan reog. Para warok keluar ke kiri sambil berjoget, keluar jathilan menari dengan menggunakan kuda kepang. Warok ditancapkan pada sisi kiri, diikuti jathilan tancap, pujangganong, diikuti prabu klanasewandana, dan tokoh wayang golek menggunakan reog ponoraga. Suwuk dilanjutkan sampak Sl Manyura. Keluar warok membawa kendang, sesaji, kempul kenong. TANCAP KAYON.

D. Garap Lakon Reog Ponorogo

1. Unsur lokal dalam sajian

Setelah menyusun naskah *lakon Reog Ponorogo*, peneliti mencoba memasukan unsur-unsur kelokalan untuk mendukung identitas dari karya ini. Hal ini berdasarkan pada letak Kabupaten Ponorogo berada di Provinsi Jawa Timur oleh karena itu, peneliti bermaksud memunculkan beberapa iringan, *suluk*, dan cengkok logat *catur* Jawa Timur untuk menambahkan rasa dalam sajian.

a. Iringan dan suluk

Berdasarkan dari naskah diatas maka iringan dan *suluk* cengkok Jawa Timuran kami masukan dalam sajian, berikut contohnya:

Keterangan:

Ada-ada Sl Sanga gaya Jawa Timuran.

Premada : menawi mekaten kepareng paduka, lajeng kados pundi sinuwun?

Singobarong : kowe tak kongkon ning aja lewat dalam sak mestine, nek pancen ora kena ora entuk dalam kang prayoga piye rekadayamu bakune Sanggalangit teka kene.

Keterangan:

Iringan Srepeg Jawa Timuran. Patih Premada keluar ke gawang kiri, di ikuti Simowulu, dan para singa. Prabu Singobarong keluar ke gawang kanan diikuti burung merak. Selanjutnya tampil Premada dari kanan tancap disisi kanan menghadap kekiri, iringan suwuk.

Ada-ada gaya Jawa Timuran Sl.

Premada : (dengan logat Jawa Timuran) Woi lhadalah, yok apa se.... kabeh wae para prejurit, yok apa kabeh padha predandana lewat dok embong kene, kabeh padha nyekel gaman aja ngampek lohor, sing padha setiti lan ngati-ati sor meja ana ulane, yok apa piye carane, heh kabeh pada predandana.

Keterangan:

Iringan Sampak Jawa Timuran. Premada solah masuk ke gawang kanan, keluar Simawulu berjoget masuk ke

kanan dilanjutkan dengan para singa bersolah dan masuk kekanan. Disaput dengan kayon yang berjoget gaya jawa timuran, dilanjutkan kayon ditengah ditancepkan pada gedebok bawah. Suwuk pocapan.

b. Logat *catur Jawa Timuran*

Selain dari iringan dan *suluk*, peneliti dan tim mencoba untuk membuat dari segi *catur* dengan menambahkan logat Jawa Timur dalam sajian ini;

Premada : (dengan logat Jawa Timuran) Woi lhadalah, yok apa se.... kabeh wae para prejurit, yok apa kabeh padha predandana lewat dok embong kene, kabeh padha nyekel gaman aja ngampek lohor, sing padha setiti lan ngati-ati sor meja ana ulane, yok apa piye carane, heh kabeh pada predandana.

Dari keterangan diatas menjelaskan bahwa peneliti bersama dengan anggota mencoba merekonstruksi *lakon* ini dengan melibatkan unsur ke daerahan.

2. Anti Klimaks dalam sajian

Dalam penyusunan *lakon Reog Ponorogo* peneliti tidak menggunakan bentuk pertunjukan klimaks pada sesi akhir, namun anti klimaks. Hal ini karena dalam perjalanan penelitian kita akhir dari mitos atau cerita Reog Ponorogo menjadi perdebatan sengit antar penganut aliran. Oleh karena itu peneliti bersama tim mencoba untuk membuat akhir yang tidak menimbulkan kontroversional guna tidak menimbulkan masalah setelah pertunjukan atau penelitian ini.

Dalam pengamatan peneliti dan anggota bahwa terkuak berbagai sumber cerita yang ada tentang Reog Ponorogo, pada akhirnya digunakan oleh seniman warok dan reog sebagai kepercayaan dalam mensajikan kesenian Reog Ponorogo. Hal ini terkadang menghasilkan perselisihan antar seniman reog. Namun dalam pencatatan sejarah reog belum pernah ada perselisihan dari anggota seniman reog. Oleh karena itu, peneliti dan anggota bersepakat untuk menyusun sajian ini guna berlandaskan pada harmonisasi antar seniman, dan mencoba mengambil garis tengah dari berbagai cerita untuk menumbuhkan rasa cinta dan memiliki terhadap Reog Ponorogo.

3. Sajian yang mendukung

Setelah menyajikan *lakon Reog Ponorogo* peneliti dan tim mencoba gebrakan baru yaitu dengan mencoba pendukung sajian dengan menggunakan pakaian Reog Ponorogo. Inovasi yang dilakukan oleh peneliti yaitu pada pesinden atau *waranggono* menggunakan pakaian *Jathilan* dan pengganti *kayon simpingan* dengan *dadak merak*, berikut bukti inovasi dalam sajian.



Gambar 1: Waranggana menggunakan pakaian *jathilan* dan *simpingan dadak merak*. (foto: Halintar Cakra)



Gambar 2: Waranggana menggunakan pakaian *jathilan* dan *simpingan dadak merak*. (foto: Halintar Cakra)

Berdasarkan foto-foto diatas dalam penelitian ini, peneliti mencoba menghadirkan suasana dan nuansa Reog Ponorogo guna mendukung sajian pertunjukan wayang kuit *lakon Reog Ponorogo*.

BAB V PENUTUP

Berdasarkan dari data diatas menjelaskan bahwa kebudayaan Indonesia sangat menarik dan banyak hal yang masih belum terkuak. Sama halnya dengan sajian *lakon Reog Ponorogo* yang telah disajikan sebagai upaya peneliti dan anggota untuk menyajikan salah satu mutiara emas yang beberapa kali menjadi perebutan negara Indonesia dan Malaysia. Hal ini dilakukan untuk mengenalkan dan memberikan kejelasan bahwa Reog Ponorogo merupakan kesenian dan budaya asli Indonesia yang tidak dimiliki oleh bangsa lain.

Setelah berhasil menyusun dan menyajikan pertunjukan wayang kulit dengan *lakon Reog Ponorogo* peneliti dan anggota berharap, bahwa setelah selesai penelitian ini, akan banyak yang mencoba untuk mengkuak berbagai misteri cerita atau mitos, bahkan sejarah dari suatu karya seni lain, atau budaya untuk dapat disajikan dalam bentuk wayang kulit, dengan inovasi yang perlu ditampilkan guna mendukung sajian. Selain itu penelitian ini masih jauh dari kesempurnaan, maka besar harapan kami peneliti selanjutnya mampu menyajikan dan mengkuak beberapa misteri dari Reog Ponorogo yang dapat digunakan sebagai salah satu identitas budaya asli Indonesia.

DAFTAR PUSTAKA

- Achmadi, Asmoro. *“Aksiologi Reog Ponorogo Relevansinya dengan Pembangunan Karakter Bangsa.”* Surakarta: Teologia, 2014.
- Kuwato. *“Tinjauan Pakeliran Padat Palguna-Palgunadi Karya Bambang Murtiyoso DS.”* Laporan Penelitian STSI Surakarta, 1990.
- Mulyono, Sri. *Wayang Asal-usul, Filsafat, dan Masa Depan.* Jakarta: Gunung Agung, 1978.
- Murtiyoso, Bambang. *Pengetahuan Pedalangan.* Surakarta: Proyek Pengembangan IKI Sub Proyek ASKI Surakarta, 1982/1983.
- _____. *“Model-model Bentuk Pembaharuan Pedalangan Jawa,”* *Gelar*, Jurnal Ilmiah dan Seni STSI Surakarta No. 1 Th. I/1998: 53–59.
- Murtiyoso, Bambang dan Suratno. *“Studi tentang Repertoar Lakon Wayang yang Beredar Lima Tahun Terakhir di Daerah Surakarta.”* Laporan Penelitian Yayasan Masyarakat Musikologi Indonesia, tidak diterbitkan, 1992.
- Nugroho, Sugeng. *“Sanggit dan Garap Lakon Banjaran Pertunjukan Wayang Kulit Purwa Gaya Surakarta.”* Disertasi Doktoral Program Studi Pengkajian Seni Pertunjukan dan Seni Rupa, Sekolah Pascasarjana Universitas Gadjah Mada Yogyakarta, 2012a.
- _____. *Lakon Banjaran Tabir dan Lika-likunya Wayang Kulit Purwa Gaya Surakarta.* Surakarta: ISI Press, 2012b.